

# Kesyon moun poze souvan sou Vaksen COVID-19

la avèk Doktè Van H. Dunn, CMO, 1199SEIU Benefit Funds

## SEKIRITE AK EFIKASITE

### **Q: Kisa ki nan vaksen an? Kijan sa fonksyone?**

**A:** Gen de (2) vaksen ki ta ka disponib trè byento, epi yo toude itilize teknoloji ARN mesaje (ARNm). Kontrèman ak lòt vaksen yo, teknoloji ARNm lan pa itilize okenn moso viris vivan. Ou pa pral ekspozè nan viris ki lakòz COVID-19.

Alaplas, vaksen yo gen kòmandman pou selil ou yo. ARN mesaje a —yon moso nan enfòmasyon jenetik—endike selil ou yo pou yo fè pwoteyin spike COVID-19 la yomenm. Depi selil ou yo fè pwoteyin spike lan, sistèm iminitè ou pral kreye antikò ki konbat COVID-19 epi pwoteje ou pou ou pa vin malad akòz viris sa a, sa ki bay yon gwo nivo iminite.

Pou yo kapab efikas, toude vaksen yo egzije pou ou resevwa de (2) piki, ke yo bay ak kèk semèn entèval.

### **Q: Èske mwen ka trape COVID-19 apati Vaksen an?**

**A:** Non. Pa gen moso viris vivan. Byenke ou ta ka santi efè segondè minè pou yon ti tan apati piki a, li enposib pou trape viris la nan vaksen an.

### **Q: Èske vaksen an pral lakòz efè segondè? Si li lakòz yo, konbyen tan yo ta ka dire?**

**A:** Sèten moun ki pran yon vaksen COVID-19 ap gen efè segondè, sitou apre yon dezyèm dòz. Efè segondè vaksen an sanble minè ak pou yon ti tan. Patisipan yo te rapòte doulè nan kote yo fè piki a, fatig, ak lafyèy yon lè konsa, maltèt, oswa doulè nan misk ak jwenti. Efè segondè sa yo disparèt ofiramezi nan 1-2 jou.

Efè segondè sa yo kouran aktyèlman pou tout vaksen: efè yo se yon siy ke yon vaksen ap aji epi deklanche yon repons iminitè.

Si yon moun pral fè yon move reyaksyon ak yon vaksen, sa pral rive pwobableman nan sis premye semèn yo apre vaksen an.

### **Q: Èske gen nenpòt efè segondè byen lwen pi devan?**



**A:** Y ap teste Vaksen COVID-19 yo toujou pou efè segondè ki dire lontan. Aktyèlman, yo pa te detekte okenn pwoblèm sekirite alontèm. Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) ak Ajans pou Kontwòl Manje ak Medikaman (FDA) ap siveye ak anpil atansyon amezi plis moun pran vaksen, plis enfòmasyon pral disponib nan semèn ak mwa k ap vini yo. Syantis CDC yo ak pwofesyonèl medikal yo pral egzamine san rete sekirite vaksen an. Yo pral kontinye bay enfòmasyon pou piblik la epi yo pral pran dispozisyon pou nouvo pwoblèm sekirite yo si sa nesesè.

Men, menm si n ap aprann toujou sou vaksen COVID-19 yo, men kisa nou konnen avèk sètitud: li danjere pou vin malad avèk COVID-19 la. Nou konnen COVID-19 kapab lakòz pwoblèm sante pou pi devan nèt, menm nan ka lejè yo. Pa vrèman gen pwobabilite ke nou pral jwenn nenpòt efè segondè anrapò ak vaksen ki pi riskan pase si ou gen COVID-19 reyèlman.

**Q: Èske gen nenpòt moun ki mouri oswa ki vin malad apre li fin pran vaksen an?**

**A:** Non. Genyen de (2) vaksen—youn ki sot kay Pfizer epi lòt la sot kay Moderna. Prèske 73,000 moun te patisipe nan esè klinik pou de (2) vaksen yo. Pa te gen okenn ka lanmò, epi pèsonn pa te rapòte maladi grav apre vaksinasyon an.

**Q: Nan ki pwèn vaksen an efikas?**

**A:** Toude vaksen yo gen yon nivo efikasite ki trè wo: Pfizer gen yon to 95 pousan epi Moderna gen yon to 94 pousan. Sa vle di nan pami moun ki te pran vaksen yo, te gen 94 a 95 pousan mwens ka COVID-19 pase nan mitan moun ki pa te resevwa vaksen an.

Byenke li difisil pou konpare vaksen yo pou maladi diferan, pou bay yon lide, vaksen kont grip yo efikas 40-60% sèlman nan nenpòt kalite ane. Gwo nivo efikasite vaksen COVID-19 yo siyifi li gen kapasite pou anpeche pwopagasyon maladi a anpil.

**Q: Èske gen yon vaksen ki pi bon pase lòt la?**

**A:** Non. De vaksen yo itilize menm teknoloji ARNm lan, epi yo gen menm nivo efikasite: nan pami moun ki te pran vaksen yo, te gen 94 a 95 pousan mwens ka COVID-19 pase nan mitan moun ki pa te resevwa vaksen an. Pou yo kapab efikas, toude vaksen yo egzije pou ou resevwa de (2) piki, ke yo bay ak kèk semèn entèval.

Travay ou pral bay youn nan de vaksen ki otorize yo, selon pwovizyon vaksen yo a. Depi ou resevwa premye dòz la, ou pa kapab pran yon dezyèm piki ak yon vaksen diferan.

**Q: Konbyen dòz mwen bezwen pou mwen pwoteje nèt? Èske yon sèl bon sifizaman?**

**A:** Pou yo kapab efikas, toude vaksen yo egzije pou pran de (2) piki, ke yo bay ak kèk semèn entèval. Òdinèman dezyèm dòz vaksen yo bay youn pi gwo ranfòsman pou yon peryòd pi long. Li kouran pou bay youn vaksen an de (2) dòz pou anpil vaksen nan anfans yo.

Premye piki a amòse sistèm iminitè a, sa ki ede l rekonèt viris la, epi dezyèm piki a ranfòse repons iminitè a. Yo bay dezyèm piki Pfizer a nan 21 jou apre premye a; yo bay Moderna a 28 jou pita.

**Q: Èske mwen ka melanje ak matche vaksen yo?**

**A:** Non. Pou yon vaksen ki gen de-dòz, dezyèm dòz ou an dwe soti nan menm vaksen ak premye dòz la. Piske vaksen yo diferan nan konpozisyon, estokaj ak entèval ant de (2) dòz yo, ekspè yo di ke moun dwe pran menm vaksen an pou toude dòz yo.

**Q: Konbyen tan pwoteksyon an dire? Èske m ap gen pou m pran yon piki rapèl chak ane?**

**A:** Li posib ou ka gen pou ou pran yon piki rapèl. Paske maladi a nouvo, nou gen plis pou nou aprann toujou konsènan kantite tan iminite a ta ka dire. Pwoteksyon an ka diminye apre yon sèten tan epi ou ka frajil ankò. Li posib tou pou viris la ta ka sibi mitasyon (chanje). Ekspè nan sante piblik yo ak syantis yo ap kontinye etidye viris la epi siveye iminite moun yo, epi bay konsèy kòm sadwa pi devan.

**Q: Èske m ka trape viris la kanmenm menmsi m pran l?**

**A:** Wi. Anjeneral sa pran kèk semèn pou kò a konstwi iminite apre vaksinasyon an. Sa siyifi li posib pou yon moun ka enfekte ak viris ki lakòz COVID-19 la jis anvan oswa jis apre vaksinasyon an epi moun lan vin malad. Se paske vaksen an pa te gen ase tan pou bay pwoteksyon.

Byenke vaksen an bay gwo pwoteksyon, li pa 100% efikas. Gen yon chans fèb pou ou ka enfekte kanmenm, men se pral trè pwobableman avèk yon ka lejè viris la, kontrèman ak ka grav ki posib san vaksen an. Si ou trape viris la san pwoteksyon, sa kapab gen konsekans ki gendwa mòtèl - pran vaksen an pa genyen konsekans sa yo.

**Q: Èske mwen ka transmèt viris la kanmenm apre m fin pran vaksen?**

**A:** Nou poko konnen si moun ki pran vaksen yo ka transmèt viris la bay lòt moun ki gendwa pa te resevwa vaksen an. Se poutèt sa li pral enpòtan anpil pou tout moun kontinye mete mask, respekte distans sosyal epi swiv tout pwotokòl sante piblik ki nesèsè yo ni nan travay ni lòt kote.

**Q: Èske vaksen an aji pi byen selon laj, pwa oswa ras?**

**A:** Baze sou done ki disponib yo, nou konnen vaksen Pfizer yo aji byen kèlkeswa laj, pwa oswa ras. Yo prevwa pou kominike done sou vaksen Moderna a trè byento epi nou prevwa li pral montre menm rezilta yo. Esè klinik yo pou toude vaksen yo te gen ladan plis pase 25,000 moun ki soti nan kominote COVID-19 plis afekte yo, ki gen ladan Nwa, Latinx, ak moun aje yo.

**Q: Mwen gen pwoblèm medikal ki egziste deja. Èske si m pran vaksen an, sa pral gen efè danjere?**

**A:** Nou poko konnen avèk sètitud kijan moun ki gen diferan pwoblèm medikal ki egziste deja pral reyaji ak vaksen an. Men li klè ke moun ki gen lòt konplikasyon sante yo gen yon pi gwo risk pou trape ka grav nan maladi a. Si ou gen yon pwoblèm medikal ki egziste deja, ou ta dwe konsilte doktè ou pou konnen sa ki pi bon pou ou an.

**Q: *Mwen te gen COVID-19 deja—èske mwen bezwen yon vaksen kanmenm?***

**A:** Pa gen ase enfòmasyon ki disponib aktyèlman pou di si yon moun pwoteje pou li pa trape COVID-19 ankò apre enfeksyon an ni pandan konbyen tan li pwoteje. Premye prèy yo sijere ke iminite natirèl kont COVID-19 gendwa pa dire anpil tan, men yo bezwen plis etid pou konprann sa pi byen. CDC pa te pibliye yon rekòmandasyon konsènan si moun ki te gen COVID-19 dwe pran yon vaksen COVID-19.

**Q: *Èske m ap bezwen mete PPE kanmenm epi swiv pwotokòl sante piblik yo menm apre m fin pran vaksen an?***

**A:** Wi. Nou pral toujou gen pou mete mask ak pratike distans fizik jiskaske yon gwo pwopòsyon nan popilasyon an pran vaksen an epi nou asire ke vaksen an bay pwoteksyon pou anpil tan. Okòmansman, nou pa pral gen ase flakon pou vaksinen tout moun ki vle pran vaksen an epi viris la ap transmèt toujou.

Byenke vaksen an bay gwo pwoteksyon, li pa 100% efikas. Nou pa konnen nonplis si moun ki pran vaksen an kapab toujou pote ak transmèt viris la bay moun ki pa te pran vaksen an. Tout moun dwe kontinye mete PPE epi swiv pwotokòl sante piblik yo ni nan travay ni lòt kote.

---

## **PWOSIS DEVLOPMAN AK APWOBASYON**

**Q: *Yo te fabrike vaksen yo byen vit - kijan pou m fè konnen li san danje epi yo pa t fè l twò vit?***

**A:** Vaksen ARNm Pfizer ak Moderna pwodui yo devlope pi rapid paske yo pa sèvi avèk moso viris vivan. Olye sa, ARNm lan fasil pou fabrike nan laboratwa - sa ki fè ekonomize plizyè ane nan devlopman an.

Yo te etidye, teste, ak reglemante vaksen sa yo ak anpil atansyon anvan yo kapab itilize yo. Konpayi ki te kreye vaksen yo soumèt gwo kantite aplikasyon nan plizyè ajans leta ak òganis endepandan ekspè syantifik, k ap pèmèt itilize vaksen an sèlman si prèy yo montre li gen sekirite.

**Q: *Travayè swen sante yo pral pami premye moun ki kapab pran vaksen yo. Nan ki pwen esè yo te solid? Konbyen moun ki te patisipe epi nan ki pwen etid la te apwofondi?***

**A:** Nan esè klinik yo pou kandida vaksen yo nan Pfizer ak nan Moderna, plis pase 73,000 moun Ozetazini ak toupatou nan lemonn te resevwa piki vaksen an. Toude vaksen yo gen yon nivo efikasite ki trè wo.

**Q: Èske esè klinik yo pou vaksen yo nan Pfizer ak nan Moderna te gen ladan moun ki soti nan gwoup COVID-19 plis afekte yo, espesyalman Nwa, Latinx, ak moun aje yo?**

**A:** Wi. Byenke vaksen yo aji menm jan kay moun ki gen ras oswa gwoup etnik diferan, li enpòtan pou asire ke yo teste vaksen yo nan divès kalite gwoup popilasyon anvan yo mete yo deyò. Esè klinik ke Pfizer ak Moderna te òganize te gen ladan plis pase 25,000 moun ki soti nan kominote COVID-19 plis afekte yo, ki gen ladan Nwa, Latinx, ak moun aje yo.

**Q: Èske Prezidan Trump te fè presyon sou konpayi vaksen yo oswa sou FDA pou akselere pwosesis la?**

**A:** Non. Lidè sante piblik yo, sa gen ladan Doktè Anthony Fauci siveye pwosesis vaksen an ak anpil atansyon, epi pwosesis la te avanse san enjerans Prezidan Trump ak Repibliken yo. Konpayi ki te kreye vaksen yo soumèt gwo kantite aplikasyon nan plizyè ajans leta ak òganis endepandan ekspè syantifik, k ap pèmèt itilize vaksen an sèlman si done yo ak prèv yo montre li san danje pou moun. Pa gen okenn delè pou pwosesis la, epi pèsonn—pa menm Prezidan an—pa kapab fè yo prese ak li.

**Q: Kijan pwosesis apwobasyon vaksen an fonksyone?**

**A:** Ozetazini, vaksen yo dwe jwenn apwobasyon nan men Ajans pou Kontwòl Manje ak Medikaman (FDA) anvan yo kapab itilize yo. Pou li apwouve oswa pa apwouve yon vaksen, FDA baze desizyon l sou done ki soti nan esè klinik yo. Ekspè endepandan ki pa fè pati leta ni konpayi famasetik yo, ak syantis ki gen anpil eksperyans epi doktè nan FDA ki pa nonmen nan politik epi ki ekspè nan sekirite ak efikasite vaksen egzamine done yo.

Syantis yo chèche efè segondè ki pa te prevwa ke vaksen an ta ka lakòz. Sa ede detèmine “sekirite” vaksen an. Anjeneral, tank gen mwens efè segondè epi tank efè yo mwens grav, yo konsidere vaksen an plis san danje. Si done esè klinik yo montre ase prèv efikasite ak sekirite, FDA ap apwouve vaksen an epi ba l lisans pou itilizasyon Ozetazini.

**Q: Mwen tande FDA ap akòde estati EUA pou vaksen COVID-19 Pfizer an. Kisa EUA siyifi?**

**A:** Pafwa, FDA ap otorize yon pwodui medikal ki poko apwouve nèt pou itilize li nan yon ijans pou fè dyagnostik, tretman, oswa prevansyon yon maladi grav. Yo rele sa

“otorizasyon pou itilizasyon dijans (Emergency Use Authorization)” oswa “EUA.” Yo ka bay yon Otorizasyon pou Itilizasyon Dijans (EUA) lè FDA detèmine ke pwodui a “gendwa efikas” kont maladi a baze sou tout prèv syantifik ki disponib yo. Se yon estanda ki pi ba pase sa ki nesesè pou apwobasyon konplè pou yon pwodui, men li toujou itilize premye done yo rasanble nan esè klinik yo.

## DISTRIBISYON VAKSEN

**Q: Èske gouvènman an oswa travay mwen ka fòse m oswa fòse lòt travayè swen sante yo pran vaksen an? E konsènan pasyan m yo - èske yo pral fòse yo pran l?**

**A:** Non, li pa obligatwa pou travayè swen sante yo ni pasyan yo pran vaksen an. Men, yo ankouraje pou travayè swen sante yo pran l etandone yo an kontak souvan avèk pasyan COVID-19, epitou pou pwoteje moun pwòch yo ak vwazen yo. Byenke yo pral bay travayè swen sante okazyon pou yo pran li an premye akòz travay yo, popilasyon jeneral la pral kalifye pou pran l touswit apre. Vaksinasyon yon pakèt moun se meyè fason pou sispann pwopagasyon COVID-19, sove lavi moun epi kòmanse reprann lavi nòmal yon lòt fwa ankò.

**Q: Èske yo pral afekte moun ki pran vaksen yo pou yo travay pi souvan avèk pasyan ki gen COVID-19 yo?**

**A:** Non, sitiyanasyon vaksinasyon yon travayè swen sante pa pral afekte devwa travay li.

**Q: Èske sèten travayè swen sante pral kapab pran vaksen an pi bonè pase lòt? Kijan pou nou fè konnen sa lè nou kalifye?**

**A:** Travay ou ap fè ou konnen sa lè ou kalifye pou pran vaksen an. Piske pa gen okenn rejis santralize pou tout travayè swen sante yo, travay yo pral okipe administrasyon vaksen yo nan Faz 1-A sa a.

**Q: Èske vaksen an gratis? Èske asirans mwen an ap kouvri li?**

**A:** Ou p ap gen pou peye pou vaksen an. Vaksen an limenm gratis, epi 1199SEIU Benefit Funds pral kouvri frè administratif yo.

**Q: Èske mwen pral gen yon chans pou pran vaksen an pita si mwen refize premye okazyon an?**

**A:** Nou poko gen tout detay sou kantite dòz ki pral disponib nan distribisyon odepa a. Akòz kantite dòz vaksen an limite, si ou chwazi pou ou pa pran l lè li disponib pou premye fwa a, sa gendwa siyifi ou pral oblije tann ankò plizyè mwa pou ou gen posiblite pou pran l ankò.